



Konsantman pou sèvis terapi ki konsène sante mantal

Mwen, ki siyen anba, mwen dakò patisipe volontèman nan sèvis terapi konpòtman. Mwen konprann yo pral kenbe konfidansyèl nempòt enfòmasyon yo jwenn, eksepte nan ka egzijans legal ki mande pou divilge enfòmasyon sa a. Mwen konprann, mwen ka otorize pou yo pataje enfòmasyon yo lè m ranpli yon fòmilè konsantman alekri. Mwen gen dwa mete fen nan terapi a nempòt lè, san enkonvenyan ki ta anile konsantman sa a pou sèvis terapi yo. Mwen konprann, mwen gen opòtinite pou m poze kesyon sou sa ki ekri pi wo pou satisfaksyon mwen. Konsiltasyon se yon vwayaj e objektif yo chanje souvan epi pa gen okenn garanti objektif la pral atenn. Plis ou pran inisyativ patisipe, se plis konsiltasyon an ap pi efikas pou ou. Nou pral etabli objektif pou terapi w la. Manm ekip tretman an ka gen ladan LCSW, Manadjè ka, sikyat oswa nempòt nan twa sèvis sa yo ansanm. Manm ekip yo ka kolabore lè sa nesesè pou rezon tretman. Nou ankouraje nempòt moun ki bay sipò (zanmi oswa fanmi) pou li enplike nan tretman w yo atann ou pral pral siyen yon otorizasyon pou pataje enfòmasyon pou yo ka divilge nempòt enfòmasyon bay moun sa a Lè w siyen anba a, ou dakò pou w travay nan objektif lavi w chak jou epi pou w itilize sesyon konsèy yo pou reyalize objektif ou yo, ki pral revize tanzantan.

MWEN TE LI EPI MWEN KONPRANN TOUT SA KI EKRI ANWO YO E MWEN AKSEPTE KONDISYON SA YO

Mwen te diskite avèk terapis Sante Mantal mwen ak / oswa Sikyat epi mwen te gen opòtinite diskite sou otorizasyon sa a epi mwen te fè l konnen kesyon ak enkyetid mwen yo.

Non pasyan an

Nimewo telefòn Dat nesans pasyan an

Ekri non moun ki bay konsantman an Siyati moun ki bay konsantman an Dat

Enprime non Founisè sante mantal la Siyati Founisè sante mantal la Dat

Enprime non Founisè sante mantal la Siyati Founisè sante mantal la Dat

Relationship to Patient is:

- Patient Parent Legal Guardian Authorized Person